

# **ÈSKE OU SE YON RESÒTISAN AYISYEN? OU KAPAB ELIJIB POU ESTATI PWOTEJE TANPORÈ A (TPS)**

Avètisman: Konsiltasyon sa te rive kreye pa The Legal Aid Society, Inite Lwa sou Imigrasyon (Immigration Law Unit). Konsiltasyon sa se pa yon konsèy jiridik, epi li pa ranplase konsèy yon ekspè imigrasyon.

Si ou se yon resòtisan Ayisyen ki te nan Etazini depi 29 Jiyè 2021 epi ou pa genyen yon estati pèmanan isi, ou kapab aplike pou Estati Pwoteje Tanporè (Temporary Protected Status, TPS), ki t'ap pèmèt ou viv ak travay legalman nan Etazini toutotan Ayiti dezinye kòm yon peyi TPS.

## **Kisa Estati Pwoteje Tanporè a ye?**

Estati Pwoteje Tanporè (Temporary Protected Status, TPS) se yon estati ki pèmèt ou viv ak travay legalman nan Etazini. Li valab pou 18 mwa alafwa, li pèmèt ou aplike pou yon pèmi travay ak yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number), epi li kapab renouvle toutotan Ayiti dezinye kòm yon peyi TPS.

## **Kilè m ka aplike pou TPS?**

Peryòd enskripsyon TPS pou resòtisan Ayisyen yo ouvri apati de 3 Out 2021 epi fini 3 Fevriye 2023.

## **Si yo apwouve mwen, pou konbyen tan TPS la ap valab?**

Peryòd aktyèl TPS la pou Ayiti kòmanse 3 Out 2021, epi fini 3 Fevriye 2023. Gouvènman Ameriken an ka rive chwazi pwolonje TPS la pou Ayiti. Si li pwolonje e ke yo te apwouve ou pandan peryòd enskripsyon ki ankou sa, ou ta dwe renouvle enskripsyon ou yo pandan pwochèn peryòd enskripsyon an.

## **Si mwen te genyen TPS depi avan sou dezinyasyon Janvyè 2010 oubyen Janvyè 2011, èske mwen dwe postile kounyè a sou dezinyasyon sa?**

Menm si ou deja genyen TPS ayisyen jiska 4 oktòb 2021 poutèt dezinyasyon pi bonè, ou dwe aplike kounyè a kòm yon aplikan pou premye fwa anba dezinyasyon 3 Out 2021 an.

## **Ki dokiman mwen pral bezwen pou aplikasyon TPS mwen an?**

Nan objektif pou aplike pou TPS, ou pral bezwen amelyore twa bagay: (1) ke ou se Ayisyen, (2) ke ou te rezide nan Etazini 29 Jiyè 2021 epi (3) ke ou rezide Etazini kontinyèlman depi lè sa.

### **(1) Prèv Nasyonalite Ayisyen**

- Paspò, akt de nesans avèk foto idantifikasyon, OUBYEN dokiman idantite nasyonal ki soti Ayiti avèk foto ou ak/oubyen anprent ou.

### **(2) Dat Antre**

- So antre paspò, Rejis Rive/Depa I-94, OUBYEN lòt dokiman ki pwouve antre ou

[www.legalaidnyc.org](http://www.legalaidnyc.org) Page 1 of 2 Last updated August 4, 2021

nan Etazini nan oubyen avan 29 Jiyè 2021.

(3) Rezidans nan Etazini depi oubyen avan 29 Jiyè 2021 jiska prezan:

- Dosye anplwa (so peye, fòmilè W-2, relve nòt IRS, verifikasyon pa Eta pou depo enpo yo nan Eta, lèt ki soti nan men yon anplwayè ou, deklarasyon bank ou te fè biznis avèk yo).
- Resi lwaye, fakti sèvis piblik (gaz, elektrisite, telefòn, ets.), resi, oubyen lèt antrepriz ki montre dat ou te resevwa sèvis la.
- Dosye lekòl (bilten, lèt, ets.) ki soti nan lekòl kote ou menm oubyen pitit ou te frekante nan Etazini, ki montre non lekòl yo ak dat prezans ou yo.
- Dosye lopital oubyen medikal pou tretman ou menm oubyen pitit ou yo te resevwa, ki montre non etablisman medikal la oubyen non doktè a ak dat tretman oubyen ospitalizasyon an.
- Atestasyon ki soti nan legliz, sendika oubyen lòt òganizasyon, ki konsène rezidans ou epi ki idantifye ou nan non ou.
- Lòt dokiman divès tankou akt de nesans timoun ou an ki montre li fèt isit, tranzaksyon bankè ak transfè bankè, lèt, kat Sekirite Sosyal Etazini, lisans chofè, kat Sèvis Selektif (Selective Service card), kontra, ipotèk ak kontra asirans, ets.

### **Si mwen soti Ayiti, èske TPS la garanti pou mwen?**

Non. Menm si ou soti Ayiti, ou kapab pa elijib pou TPS si:

1. ou te tounen volontèman an Ayiti oubyen nan yon peyi kote u te rezide abityèlman deyò Etazini.;
2. ou pa t rezide kontinyèlman nan Etazini depi 29 Jiyè 2021;
3. yo te rekonèt ou koupab pou nenpòt krim oubyen pou 2 oubyen plis deli ou te komèt Etazini.
  - a. Si yo pa t janm arete ou, site non ou oubyen rekonèt ou koupab de yon enfrazyon, ou dwe resevwa yon Sètifika Desizyon (Certificate of Disposition) pou chak afè, epi ou dwe pale ak yon ekspè dwa imigrasyon avan ou fè yon demann TPS.

### **Ki fòmilè mwen bezwen ranpli?**

Pou aplike pou TPS, w ap bezwen ranpli omwen Fòmilè I-821. Si ou ta renmen yon dokiman otorizasyon travay (pèmi travay), ou pral bezwen pou ranpli tou Fòmilè I-765. Si ou ta renmen mande yon anilasyon frè, w ap bezwen pou ranpli Fòmilè I-912 (oubyen mande yon anilasyon frè alekri). Ou ta dwe petèt ranpli Fòmilè I-601, si kèk "motif iresevabilite" aplike nan ka ou an.

Fòmilè yo kapab telechaje gratis apati de sitwèb USCIS ([www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)), men genyen frè depo ki dwe peye, amwen ke frè yo anile.

Pou plis enfòmasyon, tanpri rele Legal Aid Society's Immigration Helpline (Liy Asistans nan Kesyon Imigrasyon Legal Aid Society soti 9:00am-5:00pm Lendi jiska Vandredi nan (844)955-3425.

[www.legalaidnyc.org](http://www.legalaidnyc.org) Page 2 of 2 *Last updated August 4, 2021*